# Kronoberg Vårdval – **кхузахь бахархой йиш ю шайна поликлиника харжа.**

Vardval Kronoberg бохург ду муниципалитет бахархой йиш хилар щайна луъуш йолу поликлиника харжа шайн лаамца. Поликлиника харжа йиш ю шайна аьтто берриг, шайн хьашташ кхочуш дан гӀолехь йерриг. Бахархой дӀайазло шайн меттигерачу поликлиникехь, шайн харжамца. Меттигера поликлиникш декхаралехь ю шайн болх нисбан, мелла бахархой бу  хьаьжжина  и поликлиника хаьржина. Массо а  поликлиникаш шуна карор ю сайт тӀехь ландстингета: [www.ltkronoberg.se/vardval](http://www.ltkronoberg.se/vardval).

**Муха харжа йеза?**
Шун йиш ю поликлиника харжа /хийца/ муьллахачу хенахь, нагахь шу щайн харжамана реза дацахь. Харжам бан беза формулаьра йазйина, цул тӀаьхьа и формулаьр ландстингета сайт тӀера дӀа йахьита йеза: www.ltkronoberg.se/vardval. Шун йиш ю и формулаьр поликлиникехь схьаэца, йа кху телефонаца схьайеха: 0470 58 96 60. Нагахь шу шайн уллера поликлиникан реза делахь, формулаьр йаийта а ца оьшу.

**4 коьрта меттиг**
Поликлиник харжар муниципалитетаьхь Кроноберг биргалла йоккху 4 коьрта меттиг.

Лаамца харжар - тхан меттигера бахархойн йиш ю шайна кхоччуш, хӀора стаганна оьшуш долу дарба хуьллачу агӀор, шайн лаамца харжам ба. Поликлиника декхараллехь ю массо а лазархо тӀелаца а, цера хьашташ кхочуш дан а.

ТӀекхачар - дарбана гӀуллакхашна тӀекхача аьтто болуш хила деза. Цуьна маьӀан ду законаца догӀуш долучу дарбаналла адамашна лахара ца хилийта. Иза бохург ду лазархочуьнга хьажар цунна новкъалло ца хуьллучу агӀора хилар, и тӀелоцуш долу сахьташ нагахь эшахь шор дан дезара, я цуьнца лерана хила  дезара.

Тайп - тайпана хилар - бахархошна дарбанан хьашташ кхочуш дар тайп-тайпана хила деза, цаьрна шайна оьшучу агӀора харжа йиш хуьллучу агӀора.

Кхоамалла - дарбан хьашташ кхочуш дар мах кхоамаллехь хила беза.

**Меттигера поликлиникаш гӀолехь яра.**
Меттигера поликлиникаш Вардвал Кронобергехь муниципалитета советаш Кроноберган къобалла йина хила еза. Уьш къобал йан цара массо а агӀора коьрта дарба дан деза, цамгар ца йолуьйту агӀо лелан а еза, реабилитаци ян а еза, берашна дарба дан а деза, психиатри агӀор накъосталла дан а деза. Цара массо а агӀор кхочуш нехан могшалла ларйеш долу законаш кхочуш дан а деза, лаккхара шайн белхана говзалла хила еза,  деш долу дарба дика  дан деза. Цара болх дика бар а, говза бар а, маьӀана гойтур ду Вардал Кронобергехь сайтехь йолу билгалонаш.

**Говзаллин лакхала.**
Могщалла ларъеш болу белхалой а, лоьраш а хила беза Ӏедало векалла бина а, Ӏедалера бакъо йолуш а, 75% йа дукхоха говзанаш массо а поликлиникшкехь хила беза юкъара лоьраш. Уггара кӀезга 50% лоьрий йижарий хила беза куьпан лоьра йижарий.

**Могшалла lалашъяр а, дарбана гlирсаш а.**
Могшалла lалашъяр дакъа ду областной советаш ахчанца гlо дара. Иза доьзна ду и поликлиника хаьржина бахархой мел бу хаьжжина. И накъосталла дар доьзана ду цу вахархочуьна хене хьажжина. Лазархош массо а поликлиникшкехь цхьа мах ло (vardcentral). И ахча могашалла lалашъяр урхалле кхочу (Kronoberg Vardval). Цу урхаллехь биргалла докху муьллах дарба мах боцуш да, а мульхачу дарбанах мах бала беза.

**Tlехьажар кхочушдар.**
Области совета тlехьажара кхочуш дийра ду массо а поликлиникшкехь нехан хьашташ кхочуша дарна, вай ма аллара, законца нийса болх бара а. Нагахь цхьана поликлинико хlокху тептар тlехь ма аллара болх ца бахь, областан совето цаьрна догlуш долу дарбана гlирсаш эша бийра бу.

*Xlокху билгалоно гойту поликлиникан ландстингете Кроноберг реза хилар.*